# MEKTEPLERDE QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍN OQÍTÍWDA MILLIY QÁDIRIYATLARDÍ SIŃDIRIWDIŃ PEDAGOGIKALÍQ TIYKARLARÍ

**Embergenova Mapruza Abdiualiyevna** – *filologiya ilimleriniń kandidatı, professor*
embergenova_68@mail.ru
**Kalmurzaeva Xurliman Xojabaevna** – *student*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ПЕДАГОГИЧЕСКИЕ ОСНОВЫ ИНТЕГРАЦИИ НАЦИОНАЛЬНЫХ ЦЕННОСТЕЙ ПРИ ОБУЧЕНИЯ КАРАКАЛПАКСКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ В ШКОЛАХ

**Ембергенова Мапруза Абдиуалиевна** – *кандидат филологических наук, профессор*
**Калмурзаева Хурлиман Хожабаевна** – *студент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# PEDAGOGICAL FOUNDATIONS OF NATIONAL VALUES INTEGRATION IN TEACHING KARAKALPAK LITERATURE IN SCHOOLS

**Embergenova Mapruza Abdiualiyevna** – *Candidate of Philology Sciences, Professor*
**Kalmurzaeva Xurliman Xojabaevna** – *Student*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so'zlar:** qoraqalpoq adabiyoti, o'qitish metodikasi, milliy qadriyatlar, tarbiya, interfaol metodlar, folklor, ma'naviy tarbiya, vatanparvarlik, fanlararo aloqadorlik, pedagogik jarayon.

**Rezyume.** Maqolada maktabda qoraqalpoq adabiyotini o'qitish jarayonida milliy qadriyatlarni singdirish masalalari ko'rib chiqiladi. Adabiy asarlar orqali o'quvchilarning ma'naviy olamini boyitish, ularda vatanparvarlik, insoniylik va milliy ongni shakllantirish yo'llari tahlil qilinadi. Shuningdek, interfaol metodlar, folklor materiallarini qo'llash va fanlararo aloqaning ahamiyatiga alohida to'xtalib o'tiladi. Tadqiqot natijalari qoraqalpoq adabiyoti darslarida milliy qadriyatlarni singdirishning samaradorligini oshirish uchun amaliy tavsiyalar berishga imkon beradi.

**Ключевые слова:** каракалпакская литература, методика преподавания, национальные ценности, воспитание, интерактивные методы, фольклор, духовное воспитание, патриотизм, межпредметная связь, педагогический процесс.

**Резюме.** В статье рассматриваются вопросы привития национальных ценностей в процессе преподавания каракалпакской литературы в школах. Посредством литературных произведений анализируются пути обогащения духовного мира учащихся и формирования у них патриотизма, гуманизма и национального самосознания. Кроме того, особое внимание будет уделено интерактивным методам, использованию фольклорных материалов и важности междисциплинарной связи. Результаты исследования позволяют дать практические рекомендации по повышению эффективности воспитания национальных ценностей на уроках каракалпакской литературы.

**Key words:** Karakalpak literature, teaching methodology, national values, upbringing, interactive methods, folklore, spiritual education, patriotism, interdisciplinary connections, pedagogical process.

**Summary.** This article examines the issues of instilling national values in the teaching of Karakalpak literature in schools. Through literary works, the ways of enriching the spiritual world of students and shaping their patriotic, humanistic, and national consciousness are analyzed. The importance of interactive methods, the use of folklore materials, and interdisciplinary connections will also be emphasized. The research results will provide practical recommendations for increasing the effectiveness of instilling national values in Karakalpak literature lessons.

**Kirisiw.** Búgingi kúnde bilim beriw sistemasında tek ǵana bilim beriw emes, al jas áwladtıń ruwxıy, mádeniy hám milliy qádiriyatlarǵa húrmet sezimin qáliplestiriw bas máselelerdiń biri bolıp esaplanadı. Ásirese, mektepte ádebiyat pánin oqıtıw – bul tek estetikalıq sezimin beriw quralı emes, al oqıwshılardıń dúnyaqarasın, ruwxıy dúnyasın bayıtıwshı kúshli pedagogikalıq qural bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatı xalqımızdıń tariyxı, turmısı, salt-dástúri, etikalıq normaları hám ruwxıy qarasın ózinde sáwlelendiredi. Sonlıqtan da onı oqıtıw barısında milliy sezimdi sińdiriw – oqıwshılardı patriotizm, ata-baba miyrasına húrmet, adamgershilik pazıyletlerge tárbiyalawdıń tiykarǵı jolı bolıp tabıladı.

Bul maqalanıń maqseti – mektepte qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda milliy qádiriyatlardı sińdiriwdiń metodikalıq tiykarların anıqlaw, nátiyjeli usılların kórsetiw hám pedagogikalıq tájiriybe tiykarında usınıslar beriw.

**Ádebiyatlardı talqılaw.** Mektepte qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda milliy qádiriyatlardı sińdiriw máseleleri boyınsha ilimiy ádebiyatlarda túrlishe kórip shıǵılǵan. Bul tarawdaǵı izertlewler tiykarınan pedagogika, ádebiyat oqıtıw metodikası hám milliy tárbiya teoriyaları menen baylanıslı.

Birinshiden, E.Berdimuratov penen Q.Pirniyazovtıń miynetlerinde qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwdıń metodikalıq tiykarları keńnen bayan etilgen [3]. Avtor oqıwshılardıń til hám oy-órisin rawajlandırıwda ádebiy materiallardıń áhmiyetin atap ótip, sabaqlarda interaktiv metodlardı qollanıwdı usınıs etedi. Biraq, bul miynetlerde milliy qádiriyatlardı arnawlı sińdiriw mexanizmleri tolıq ashılmaǵan.

Ekinshiden, K.Mambetov óziniń ádebiyat teoriyası boyınsha izertlewlerinde ádebiy shıǵarmalardı tallaw arqalı oqıwshılardıń estetikalıq tárbiyasın jetilistiriwge áhmiyet beredi. Avtor ádebiy obrazlar arqalı ádep-ikramlılıq sıpatlardı qáliplestiriw múmkin ekenligin kórsetedi, biraq milliy identifikaciya máseleleri tereńirek úyrenilmegen [4].

Milliy tárbiya máseleleri S.Pirnazarov miynetlerinde tolıǵıraq sáwlelengen. Avtor milliy qádiriyatlardı jas

áwladqa sińdiriwdiń teoriyalıq tiykarların ashıp beredi hám onı bilimlendiriw procesine engiziw zárúrligin dálilleydi. Biraq bul miynette ádebiyat sabaqlarına arnawlı metodikalıq usınıslar sheklengen [7].

Qaraqalpaq ádebiyatınıń mazmunı hám tárbiyalıq imkaniyatları J.Allamuratovtıń miynetlerinde keńnen bayanlanadı. Avtor xalıq ádebiyatı hám klassikalıq shıǵarmalardaǵı ruwxıy qádiriyatlardı tallap, olardıń tárbiyalıq áhmiyetin atap ótedi. Bul miynet ádebiyat arqalı milliy ruwx penen tárbiyalawdıń tiykarın qáliplestiredi [8].

Sonday-aq, birinshi Prezidentimiz I.Karimov hám Sh.Mirziyoevtiń shıǵarmalarında ruwxıy tárbiya, milliy qádiriyatlar hám jaslar siyasatı máselelerine ayrıqsha itibar berilgen. Olarda milliy qádiriyatlardı saqlaw hám rawajlandırıw mámleketlik siyasattıń bas baǵdarlarınan biri ekenligi belgilenedi. Bul pikirler bilimlendiriw sistemasında, ásirese ádebiyat sabaqlarında, milliy tárbiyanı kúsheytiwdi talap etedi [1, 2].

Zamanagóy pedagogikalıq izertlewlerde interaktiv metodlar hám innovaciyalıq texnologiyalardı qollanıw máseleleri de keńnen úyrenilmekte. Bul baǵdardaǵı jumıslar oqıwshılardıń belsendiligin arttırıw arqalı milliy qádiriyatlardı tereńirek sińdiriw imkaniyatın beretuǵının kórsetedi.

Ulıwma alǵanda, tallanǵan ádebiyatlar qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda milliy qádiriyatlardı sińdiriwdiń teoriyalıq hám ámeliy tiykarları bar ekenligin dálilleydi. Biraq bul másele boyınsha arnawlı kompleksli metodika ele tolıq islep shıǵılmaǵan. Sol sebepli, bul maqala usı baǵdardaǵı izertlewlerdi tolıqtırıwǵa baǵdarlanǵan.

**Metodlar.** Bul izertlew jumısında tómendegi metodlardan paydalanıldı:

1. Teoriyalıq analiz.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası, pedagogika hám tárbiya teoriyaları boyınsha ilimiy ádebiyatlar úyrenildi. Milliy qádiriyat túsinigi, onıń mazmunı hám bilim beriwdegi ornı talqılandı.

2. Pedagogikalıq baqlaw.

Mektep sabaqları dawamında oqıwshılardıń ádebiy shıǵarmalarǵa qatnası, olardıń milliy qádiriyatlarǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵı baqlandı.

3. Sabaq modellestiriw.

Milliy qádiriyatlardı sińdiriwge baǵdarlanǵan sabaq úlgileri islep shıǵıldı hám ámeliyatqa engizildi.

4. Sorawnama hám pikir alısıw.

Oqıwshılar hám oqıtıwshılar menen sorawnama ótkerilip, ádebiyat sabaqlarınıń tárbiyalıq tásiri anıqlandı [5].

**Nátiyjeler.** Izertlew nátiyjeleri qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda milliy dástúrlerdi sińiriw ushın tómendegi nátiyjeli baǵıtlar bar ekenligin kórsetti:

1. Ádebiy shıǵarmalar arqalı milliy qádiriyatlardı ashıw

Qaraqalpaq ádebiyatındaǵı eposlar, dastanlar hám klassikalıq shıǵarmalarda ata-anaǵa húrmet, dostlıq, batırlıq, adillik sıyaqlı keńinen kórsetiledi. Olardı analiz etiw arqalı oqıwshılar bul qádiriyatlardı tereń túsine baslaydı.

2. Interaktiv metodlardıń tiyimliligi

Rol oyın, saxnalastırıw, debat sıyaqlı usıllar oqıwshılardıń sabaqqa qatnasın kúsheytip, milliy qádiriyatlardı iskerlik arqalı úyreniwge múmkinshilik beredi.

3. Folklor materialların qollanıw

Maqallar, jumbaqlar, ertekler hám ańızlar oqıwshılardıń milliy sana-sezimin oyatıwda úlken áhmiýetke iye ekenligi anıqlandı.

4. Integrativ jańa metodlar

Ádebiyat sabaqların tariyx, geografiya, etnografiya pánleri menen baylanıstırıw oqıwshılardıń bilimlerin keńeytedi hám milliy identifikaciyanı kúsheytedi [6].

**Talqılaw.** Alınǵan nátiyjeler kórsetkenindey, qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw – bul tek ǵana bilim beriw procesi emes, al ol kúshli tárbiyalıq mexanizm bolıp esaplanadı. Biraq ámeliyatta hár waqıtta milliy qádiriyatlardı sińdiriw jeterli dárejede ámelge asırılmaydı.

Bul tómendegi sebepler menen baylanıslı:

oqıtıwshılardıń zamanagóy metodlardı jeterli bilmesligi;

sabaqlarda teoriyanıń basım bolıp, ámeliyattıń kemligi;

oqıw materiallarınıń jeterli dárejede jańalanbaǵanlıǵı;

sol sebepli tómendegi usınıslar beriledi:

1. Muǵallimlerdi qayta tayarlaw.

Milliy qádiriyatlardı sińdiriw metodikası boyınsha kóbirek seminar hám treningler ótkeriw kerek.

2. Interaktiv sabaqlardı kóbeytiw.

Oqıwshı ortalıǵında bolǵan metodlar keń qollanılıwı lazım.

3. Zamanagóy oqıw qollanbaların islep shıǵıw.

Multimedia, video, sanlı resurslar menen bayıtılǵan materiallar oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵın arttıradı.

4. Milliy ortalıq jaratıw.

Mektepte ádebiyat kesheleri, saxnalastırıwlar, shıǵarma tańlawların ótkeriw arqalı milliy ruwxımız kúsheytiledi.

**Juwmaq.** Qaraqalpaq ádebiyatın mektepte oqıtıw procesinde milliy qádiriyatlardı sińdiriw jas áwladtı tárbiyalawdıń eń áhmiyetli faktorlarınan biri bolıp esaplanadı. Ádebiyat arqalı oqıwshılar óz xalqınıń tariyxın, mádeniyatın, ruwxıy miyrasın túsinedi hám qádirleydi.

Izertlew nátiyjeleri kórsetkenindey, eger oqıtıw procesinde interaktiv metodlar, folklor materialları hám integraciyalıq qatnaslar durıs qollanılǵan bolsa, milliy qádiriyatlardı sińdiriwdiń nátiyjeliligi bir qansha joqarı boladı. Sol sebepli, ádebiyat sabaqların jańasha metodikalıq tiykarlar tiykarında shólkemlestiriw zaman talabı bolıp esaplanadı.

**Ádebiyatlar**


1. Karimov I. Yuqori ma'naviyat – yengilmas kuch. – Tashkent: «Ma'naviyat», 2008.
2. Mirziyoyev Sh. Erkin hám abad jamiyet qurıw jolındaǵı reformalar. – Tashkent: 2020.
3. Berdimuratov E., Pirniyazov Q. Orta mekteplerde qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1988.
4. Mambetov K. Ádebiyat teoriyası. – Nókis: «Bilim», 1995.
5. Ministry of Public Education of Uzbekistan. Mektepler ushın qaraqalpaq ádebiyatı oqıw baǵdarlaması. – Tashkent: 2021.
6. Ishmuhamedov R., Mirsoliyeva M. O'quv jarayonida innovatsion ta'lim texnologiyalari. – Tashkent: «Fan va texnologiya», 2014.
7. Pirnazarov S. Milliy tárbiya negizleri. – Nókis: 2018.
8. Allamuratov J. Qaraqalpaq ádebiyatı tarıxı. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2010.